

## XII. MACA

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan maca basa jeung sastra Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- (1) ngécéskeun watesan maca;
- (2) ngécéskeun tujuan maca;
- (3) ngécéskeun kamampuh maca;
- (4) ngécéskeun wanda maca; jeung
- (5) ngécéskeun ambahan bahan ajar maca.

### B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung opat perkara kayaning (1) watesan maca; (2) tujuan maca; (3) kamampuh maca; (4) wanda maca; jeung (5) ambahan bahan ajar maca. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

#### 1. Watesan Maca

Kaparigelan maca nya éta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan (informasi) anu dipidangkeun ku karangan dina wangun tinulis. Dina prakna, maca téh lain ngan saukur nangkep harti anu dikandung ku tulisan (karangan), tapi ogé magrupa paripolah nyurahan lambang-lambang tinulis sarta ngarobah éta lambang ngaliwatan fonik (sora) boh dilisankeun (dibedaskeun) boh digerenteskeun dina jero haté. Tandesna mah, maca téh mangrupa kaparigelan meunangkeun informasi tina tulisan atawa karangan.

Maca téh dina hakékatna mah ngawengku tilu unsur, nya éta:

- 1) *artikulasi*; béntés dina ngucapkeun vokal, konsonan, kaasup intonasi katutéksprésina
- 2) *paséhat*; lancar, teu rundag-randeg, sarta luyu jeung tanda bacaan.
- 3) *nyangkem eusi*; ngarti sarta bisa nangkep kana ma'na jeung tujuan anu dikandung dina bacaan.

Saéstuna kaparigelan maca téh teu bisa disampirakeun, lantaran lain ngan sakadar kudu parigel ngagorolangkeun aksara atawa lambang tinulis wungkul, tapi ogé kudu parigel nyangkem sajumlahing kaparigelan anu gembleng di antarana waé nya éta;

- 1) pangaweruh ngeunaan aksara jeung tanda baca;
- 2) patalina aksara jeung tanda baca sarta unsur-unsur linguistik formal;
- 3) patalina nu leuwih jembar aksara jeung tanda baca jeung harti atawa ma'na anu dikandung dina éta karangan.

Dina hakékatna mah kaparigelan maca téh mangrupa kaparigelan inteléktual, nya éta kaparigelan anu mibutuh kamampuh katut pangaweruh anu gembleng pikeun nyurahan lambang tinulis sarta nyangkem ma'na katut tujuan anu dikandung dina bacaan.

## 2. Tujuan Maca

Sok sanajan paripolah maca téh dina prakna mah sarua, tapi ari maksudna mah béda-béda. Aya anu maca daria sarta enya-nya hayang mikanyaho kana eusi katut tujuan eusi bacaan, aya ogé anu maca sahayuna sakadar pikeun hiburan atawa pikeun ngeusi waktu luang. Tegesna mah pikeun meunangkeun informasi tina bacaan téh gumantung kana tujuan macana.

Ieu di handap aya sababaraha rupa tujuan maca;

- a. Maca pikeun meunangkeun informasi kayaning fakta-fakta, bukti-bukti kalawan écés tur jéntré. Mangrupa kagiatan maca anu telik sarta ngandung maksud pikeun meunangkeun péréléan fakta.
- b. Maca pikeun meunangkeun ide atawa topik bacaan, nya éta mangrupa kagiatan maca pikeun nalungtik eusi jeung ringkesan bacaan.
- c. Maca pikeun meunangkeun informasi atawa eusi tina unggal bagian, mangrupa kagiatan maca anu tujuanana néangan eusi tina unggal tahapan bacaan.
- d. Maca pikeun meunangkeun kacindekan, mangrupa kagiatan maca pikeun nyieun kacindekan tina eusi bacaan.
- e. Maca pikeun meunangkeun bebeneran tina eusi bacaan, mangrupa kagiatan maca pikeun nalungtik atawa meunangkeun informasi anu nétélakeun kawajaran eusi.

- f. Maca pikeun méré pangajén kana eusi bacaan, mangrupa kagiatan maca anu tujuanana pikeun nalungtik ngeunaan bobot eusi karangan atawa bacaan.
- g. Maca pikeun néangan babandingan boh sasaranana boh bédana, mangrupa kagiatan maca anu tujuanana néangan babandingan.

### 3. Wanda Maca

Saenyana aya dua wanda maca, nya éta *maca dina jero haté* jeung *maca bedas*. Ieu wanda maca téh dibédakeun dumasar kana cara atawa prosésna. Geura uranga tengetan hiji-hijina!

#### a. *Maca dina Jero Haté*

Maca dina jero haté nya éta maca kalawan teu dilisankeun atawa teu ngaluarkeun sora. Maca dina jero haté cukup ku digorolangkeun dina jero haté wungkul. Ku kituna, maca dina jero haté mah leuwih condong maca sadirieun lain pikeun déngékeuneun nu lian. Dina kagiatan maca sapopoé ogé, ilaharna mah maca téh cukup ku digorolangkeun dina jero haté, kajaba lamun aya maksud séjén.

Dibandingkeun jeung maca bedas atawa dilisankeun, maca dina jero haté kawilang leuwih éféktif. Maca dina jero haté mah moal matak ngaganggu atawa ngagandéngan anu lian, Ku kituna, maca dina jero haté bisa dipigawé di tempat anu sagawayah boh di tempat pribadi boh di tempat umum. Diperpustakaan anu kasebut ruang baca ogé, saenyana mah lain pikeun maca dibedakeun tapi maca dina jero haté.

Tujuan utama maca dina jero haté, nya éta pikeun nyangkem rupa-rupa informasi. Umumna maca dina jero haté mah hasilna bakal leuwih munel sarta leuwih gancang batan maca bedas. Ku cara maca dina jero haté, salian ti leuwih gancang téh bakal leuwih gancang dina nyangkem eusi boh ngeunaan frasa-frasa, kalimah, boh kabeungharan kecap. Pikeun latihan di kelas, ilaharna guru méré pancén ka siswa pikeun maca dina jero haté, saréngsena maca siswa kudu bisa nyaritakeun deui ngeunaan eusi bacaan. Ku cara kitu bakal katangen kamampuh siswa boh ngeunaan aprésiasi karangan boh pamahaman eusi.

Dina kagiatan maca, ilaharna unggal jalma pada boga pamilih séwang-séwangan ngeunaan bahan bacaan, gumantung kana karesep jeung kabutuhna atawa tujuanana. Maca numutkeun kana karesep séwang-séwangan disebutna *personalized reading*. Di Amerika mah

pangajaran maca séwang-séwangan numutkeun kana pamilih sorangan téh (*personalized reading instruction*) mangrupa falsafah pangajaran basa, dumasar kana pamanggih yén unggal jalma pangpangna barudak, kudu bisa jeung kudu nyaho milih bahan bacaeun anu hadé sarta luyu jeung tujuan. Ku kituna, program maca séwang-séwangan téh mangrupa bagian tina program pangajaran basa anu sagemblengna.

Dumasar kana tujuanana, maca di jero haté téh bisa dibagi jadi dua golongan, nya éta (1) maca *éksténsif* jeung (2) maca *inténsif*.

### **(1) Maca Éksténsif**

Maca éksténsif nya éta maca kalawan gembleng, mangrupa kagiatan maca pikeun néangan bahan-bahan atawa informasi anu penting tina bacaan anu lega ambahanana. Cara macana ogé maké métode anu husus, gumantung kana tujuanana. Tegesna mah maca éksténsif téh nya éta cara maca kalawan ngagunakeun téhnik atawa métode anu tangtu, maksudna taya lian sangkan tujuan maca bisa kahontal kalawan éféktif. Lantaran dina prakna maca téh teu salawasna kudu gemet niténan hurup-hurup atawa kalimah demi kalimah nepi ka réngséna hiji bacaan atawa karangan, lamun maksudna ngan sakadar rék néangan hiji hal atawa perkara nu aya dina éta bacaan boh koran boh nu mangrupa buku.

Sangkan éféktif hasilna aya tilu rupa cara dina maca ekstensif nya éta (1) maca survéy, (2) maca saliwat, jeung (3) maca saulas.

#### **(a) Maca Survéy**

Saméméh prak maca leuwih ti heula kudu niténan (survei) bahan anu rék dibaca. Niténan bahan bacaan bisa ku cara:

- (1) mariksa, niténan indéks-indéks, daftar eusi, daptar judul;
- (2) niténan bab atawa sub-sub judul dina hiji buku;
- (3) niténan bagan, skéma, *out line*.

Kaparigelan niténan bahan bacaan baris mangaruhan kana hasil nyangkem bacaan. Lian ti kitu, niténan bahan mangrupa bubuka anu éféktif pikeun ngamimitian maca. Tegesna mah, maca survéy téh nya éta niténan heula judul atawa bagian-bagian anu dipikabutuh. Satutas kapanggih judul atawa bagian anu ditéangan téa, diteruskeun kana kagiatan maca nu leuwih telik. Contona: Saméméh parak maca buku atawa koran (surat kabar), ilo heula judul-judul atawa sub judul, gambar-gambar, tabél, skéma, atawa grafik.

### **(b) Maca Saliwat**

Nu dimaksud maca saliwat (*skimming*) nya éta cara maca pikeun meunangkeun gambaran umum tina bahan bacaan. Dina maca saliwat mah bobotna leuwih undak batan maca survei, sabab dina maca saliwat lain ngan sakadar niténan judul-judulna wungkul tapi bari jeung niténan eusi bacaan najan ukur saliwat.

Maca saliwat gedé mangpaatna pikeun meunangkeun hiji hal atawa perkara tina bacaan anu lega. Ku cara kitu, maca saliwat mah bakal leuwih éféktif lantaran salian ti waktu anu teu loba kacongcaj tur bakal meunang gambaran tina eusi.

Aya hal nu kudu ditengetkeun dina maca saliwat nya éta nu maca ulah hayang meunang kacindekan ngeunaan eusi bacaan, sabab nu baris kacangkem tina maca saliwat mah ngan ukur mangrupa informasi anu masih samar kénéh, nya éta mangrupa janggélékna karangan, lain eusi karangan.

Mangpaat anu baris kacangkem tina maca saliwat di antarana waé nya éta:

- a. Gambaran (kesan) umum; ku cara niténan judul, panganteur, tabél, gambar-gambar, jeung sistematika karangan
- b. meunangkeun hal atawa perkara anu husus; pikeun meunangkeun informasi tina eusi bacaan, maca saliwat kawilang leuwih éféktif, umpama waé pikeun néangan fakta atawa data anu singget.

Tegesna tina maca saliwat mah panon kudu leuwih cingceung niténan unggal bagian atawa paragraf kalawan gancang. Maca saliwat (*skimming*) nya éta maca anu tujuanana pikeun meunangkeun: (a) gambaran umum tina eusi sagemblengna; (b) sawatara perkara anu dipikabutuh tina bahan bacaan; jeung (c) hal atawa perkara anu husus.

### **(c) Maca Saulas**

Béda deui jeung maca saliwat, maca saulas mah ilaharna dipigawé pikeun maca fiksi. Dina maca saulas mah teu mibutuh kadarian talaah atawa panitén, umpama waé dina waktu maca carpon, novel, anékdote, jeung sabangsaning bacaan hiburan. Jadi, maca saulas mah tujuanna saukur hiburan, macana ogé saukur sahinasna.

## (2) *Maca Intensif*

Maca intensif (*intensive reading*) nya éta maca-maca anu dipigawé kalawan telik tur daria sarta leuwih condong pikeun nganalisis eusi bacaan. Ku kituna, dina maca intensif salian ti kudu nyangkem eusi bacaan dirojong ku pangaweruh pikeun nganalisis eusi, ogé kudu gemet kana kekecapan jeung kalimah boh nu kauni boh nu nyamuni. Nu asup tina bacaan intensif nya éta:

- a) Maca nalungtik eusi; nalungtik ngeunaan jero-jerona eusi karangan, sarta mampu méré pangajén atawa analisis.
- b) Maca nalungtik basa; nya éta ngeunaan struktur kalimah, kabeungharan kecap, frasa, kalusa, foném, morfém, jste.

Maca inténsif meredih kamampuh maca kalawan lancar tur gancang. Gancang atawa kendorna maca aya hubungan anu raket jeung kamampuh nyangkem eusi bacaan. Maca bakal leuwih gancang bari nyangkem eusina, upama éta eusi atawa perkara anu dipedar dina éta bacaan anu geus dipikawanoh. Sabalikna, maca bakal boyot upama perkara anu dipedar masih kénah asing, salian ti boyot téh eusi atawa perkara bakal karasa leuwih hésé kacangkemna.

Tegesna mah, maca intensif téh mangrupa kagiatan maca salian ti mibutuh pangaweruh husus utamana dina waktu méré pangajén atawa nganalisis perkara anu dipedar dina bacaan.

### **b. Maca Bedas**

Maca bedas atawa maca nu dilisankeun nya éta mangrupa kaparigelan maca kalawan diproduksi ku alat sora anu ngandung ma'na. Dina maca dilisankeun mah kudu leuwih ti heula ditengetkeun téh nya éta ma'na eusi bacaan, kakara digorolangkeun kalawan luyu jeung intonasi sarta maksud anu dicirian ku lambang tinulis (tanda baca).

Dina maca bedas mah kudu bisa ngatur volume sora pikeun nandeskeun kecap, tuluyna diruntuykeun dina wangun kalimah anu ngandung ma'na. Sangkan artikulasina béntés, tangtu baé nu maca kudu bisa ngabédakeun antara sora vokal jeung sora konsonan, sabab maca bedas mah lain sakadar kudu kaharti ku sorangan tapi ogé kudu bari bisa kaharti ku nu lian (nu ngaregepkeun). Pikeun nu keur diajar maca mah, maca bedas téh kawilang gedé pisan mangpaatna. Lian baé ngandung mangpaat pikeun ngalancarkeun kaparigelan maca, tapi ogé pikeun kaparigelan ngaregepkeun.

Dumasar kana tujuanana, maca bedas (dilisankeun) bisa dibagi ku dua golongan, nya éta:

- 1) maca sasoranganeun; ilaharna dipigawé ku nu keur diajar maca pikeun ngalancarkeun kaparigelan nyurahan lambang tinulis jeung aspék séjénna.
- 2) maca nu keur lian; mangrupa kagiatan maca nu tujuanana pikeun nepikeun informasi ka nu lian.

Maca bedas atawa maca bari dilisankeun pikeun méré informasi ka nu lian, nya éta mangrupa kagiatan maca ngaregepkeun nu lian. Ku kituna, maca bedas mérédih kaparigelan anu sagemblengna nya éta salian ti kudu nyangkem eusi atawa ma'na bacaan téh ogé bari jeung kudu parigel nyurahan lambang tinulis kalawan paséhat lancar tur tatag.

Teu béda keur nulis jeung nyarita, maca bedas mangrupa kagiatan antar jalma, nya éta aya nu maca jeung aya nu ngaregepkeun. Upama parigel macana tur hadé nepikeunana, tanwandé anu ngaregepkeun ogé bakal resep jeung saregep. Lian ti kitu, parigel maca bedas bakal bisa nepikeun informasi sakumaha anu dimaksud ku eusi bacaan. Sabalikna, upama kurang parigel atawa teu merenah macana, informasina ogé moal katepikeun. Jadi, mun teu parigel maca nu ngaregepkeun moal saregep.

Pikeun mibanda kaparigelan maca bedas, leuwih ti heula kudu mibanda kamampuh ngeunaan bacaan anu rék dibacakeun. Anu kawilang pentingna mah nya éta kudu parigel maca kalawan lancar, artikulasina béntés, sarta parigel ngaruntuykeun kalimah kalawan intonasi anu merenah.

Sangkan bacaan anu digorolangkeun kaharti tur dipikaresep ku nu ngaregepkeun, sawadina tumut kana padika atawa ugeran tanda baca, sarta nitenan cara-cara saperti ieu di handap:

- a. Nyangkem jejer jeung eusi;.
- b. Parigel ngabédakeun ide-ide anu béda kalawan jéntré;
- c. Ngagorolangkeun kalimah kalawan sora anu béntés jeung intonasi anu merenah;
- d. Ngajéntrékeun kalimah ku sora jeung gaya anu éksprésif.

#### **4. Kamampuh Maca**

Nangtukeun kamampuh maca teu cukup ku ngajén kana kamampuh nyurahan lambang tinulis wungkul boh nu dibedakeun boh jero haté. Pikeun nangtukeun kamampuh maca anu gembleng, sakurang-kurangna ngawengku tilu aspék, nya éta:

a. *Basa jeung Lambang Tinulis*

- (1) nyangkem kana kecap-kecap anu dipaké dina bacaan, sarta nyangkem kana istilah-istilah husus anu dipaké dina bacaan.
- (2) nyangkem kana pola-pola kalimah jeung wangun kecap anu dipaké dina éta bacaan.
- (3) nyangkem atawa mampuh napsirkeun lambang-lambang tinulis anu dipaké dina éta bacaan, katut kaédah-kaédah atawa palanggeran ngagunakeun aksara, nulis paragraf, aksara kandel atawa déngdék jsté. Sakur anu digunakeun dina éta bacaan.

b. *Gagasan*

- (1) ngarti atawa nyangkem kana maksud jeung tujuan anu ditepikeun ku pangarang.
- (2) ngarti atawa nyangkem kana gagasan-gagasan poko katut kana gagasan pangrojong.
- (3) mampuh nangtukeun kacindekan anu bener dumasar kana eusi bacaan.

c. *Nada jeung Gaya*

- (1) nyangkem kana maksud katut pamadegan pangarang ngeunaan perkara anu dipedar, sarta nyangkem kana nada karangan; sinisme, sarkasme, humor, balada.
- (2) nyangkem kana gaya katut téhnik karangan anu keur dibaca.

## **5. Bahan Ajar Maca**

### **a. Kriteria Milih Bahan Ajar Maca**

Bahan pembelajaran maca téh kudu mangrupa hiji wacana, nu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Eusi wacana maca bisa dijieun jadi bahan kajian *babaran kecap, gaya basa, jeung struktur* anu luyu dumasar kana psikologi perkembangan anak (tujuan program). Ku kituna, para guru basa Sunda boh di SD boh di MI diperedih pisan wanoh kana kriteria milih bahan (wacana) anu hadé.

Pikeun nangtukeun legana ambahan téma bacaan téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacanana. Ari téma téh mangrupa dasar



pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup).

Kumaha patalina antara téma jeung kamaheran basa, utamana kamaheran maca? Lamun téma mangrupa dasar sakabéh pedaran, tangtu baé kamaheran maca kudu mangrupa sarana atawa tempat anu ngawadahan téma. Tegesna mah, wacana téh salawasna kudu luyu jeung téma anu diperedih ku kurikulum.

### **b. Ngaronjatkeun Kagiatan Maca pikeun Murid**

Dina pangajaran maca ilaharna guru sok méré pancén ka salah saurang murid pikeun maca téks (wacana), boh bari diuk dina bangku boh bari nangtung di hareupeun kelas. Murid-murid séjénna bari nungguan kagiliran maca téh ogé kudu aktif ngaregepkeun babaturan nu keur maca. Tegesna mah dina kagiatan pangajaran maca di kelas, aya dua kagiatan anu dilaksanakeun sakaligus, nya éta kagiatan maca jeung kagiatan ngaregepkeun.

Dina pangajaran maca pikeun murid SD, saéstuna lain sakadar murid wanoh kana aksara atawa sakadar bisa ngéjah nepi ka parigel ngagorolangkeun aksara. Nu penting mah salian ti murid parigel ngucapkeun aksara kalawan béntés, ogé kudu dibenerkeun intonasina. Upama baé salah saurang murid anu geus parigel maca bentes jeung bener lentongna nu ngaregepkeun tangtu bakal saregep.

Parigel maca kalawan merenah tanwéné méré pangaruh gedé kana minat atawa karesep maca. Pangpangna pikeun murid SD ngipuk jeung méré sumanget kana karep jeung karesep kana maca téh pohara pentingna. Ku kituna, pangajaran maca kudu jadi hiji pangrojong kana karep murid.

Maca bedas (dilisankeun) mangrupa kagiatan anu méré lolongkrang anu gedé pisan pikeun mangaruhan karep maca, upamana baé ku cara macakeun drama, dongéng, carita pondok jsté. Pangpangna dina maca drama ngandung mangpaat anu lewih onjoy deui nya éta:

- a. nyangkemkeun kasugemaan dina dramatisasi;*
- b. ngabeungharan imajinasi jeung fantasi;*
- c. numuwuhkeun disiplin anu béda jeung cara maca dina bahan bacaan lain téks drama*
- d. ngaronjatkeun ajén kosakata, ekspresi, jeung kaparigelan maca dina umumna.*

Ku cara méré latihan maca drama dina pangajaran basa, lian ti ngaronjatkeun kaparigelan maca téh ogé bari jeung ngandung mangpaat pikeun ngaronjatkeun aspék-aspék séjén anu kawilang penting, kayaning; ngalatih murid-murid sangkan wantér, sangkan teu dusun, sangkan teu borangan, jsté

Dina latihan maca téks drama, murid bakal engeuh yén saéstuna maca téh mangrupa kagiatan atawa paripolah nepikeun eusi pikiran, taya bédana jeung cacarita, kudu écés, témbrés, tur bisa kaharti. Ilaharna guru dina pangajaran maca ka murid SD sok nyontoan ku intonasi anu husus, nada baca anu béda tur teu luyu jeung intonasi. Peta kitu téh salah kacida lantaran geus kaluar tina kaedah filosofi pembelajaran kaparigelan basa.

### C. RANGKUMAN

Maca téh mangrupa kaparigelan meunangkeun informasi tina tulisan atawa karangan, anu dina hakekatna ngawengku tilu unsur, nya éta: (1) artikulasi, (2) pasehat, jeung (3) nyangkem eusi.

Dina maca urang kudu nyangkem sajumlahing kaparigelan, di antarana: (1) pangaweruh ngeunaan aksara jeung tanda baca; (2) patalina aksara jeung tanda baca sarta unsur-unsur linguistik formal; jeung (3) patalina nu leuwih jembar aksara jeung tanda baca jeung harti atawa ma'na anu dikandug dina éta karangan.

Dumasar kana tujuanana, maca di jero haté téh bisa dibagi jadi dua golongan, nya éta (1) maca *éksténsif* jeung (2) maca *inténsif*.

Bahan pembelajaran maca téh kudu mangrupa hiji wacana, nu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Eusi wacana maca bisa dijieun jadi bahan kajian *babaran kecap*, *gaya basa*, jeung *struktur* anu luyu dumasar kana psikologi perkembangan anak (tujuan program). Ku kituna, para guru basa Sunda boh di SD boh di MI diperedih pisan wanoh kana kriteria milih bahan (wacana) anu hadé.

Pikeun nangtukeun legana ambahan téma bacaan téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacanana. Ari téma téh mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup).

#### **D. LATIHAN**

*Jawab pananya di handap ieu!*

1. Naon ari maca teh?
2. Kumaha hakekatna maca teh?
3. Ari tujuan urang maca naon?
4. Kumaha carana supaya dina maca ekstensif bisa efektif?
5. Naon bedana maca ekstensif jeung maca intensif?
6. Ku Saderek bedakeun naon nu disebut maca maca survey, maca saliwat, jeung maca saulas?
7. Naon ari wanda maca teh? Jentrekeun!
8. Dina kamampuh maca aya nu disebut basa jeung lambang tulisan, naon maksudna?
9. Lian ti basa jeung lambang basa, aya oge nu disebut gagasan, nada jeung gaya dina kamampuh maca teh, naon maksudna?
10. Kumaha ambahan bahan ajar maca di SD?

